Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.




# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 57 (6577) 11 декабрь 2017 с. Итни РабигIул аввал 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 12 декабрь - Россиялъул Конституциялъул къо

**ХIурматиял районцоял!**

**Баркула нужеда тIаде щолеб бугеб началихъияб байрам - Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул къо.**

Россиялъул Конституция ккола нилъер началихъ демократияб рахъалъ цебетIеялъе, ракълие, миллияб цолъиялъе ва жамгIияталъул гьудуллъи щулалъиялъе щулияб кьучIлъун.

Божильи загьир гьабула кIудияб Россиялъул гьитIинабго бутIалъунги рукIун, нилъер районалъул гIадамазги жидерго лъикIал ишаздалъун пачалихъалъул Конституциялъе ритIухълъи бихьизабизе, республикаялъул, районалъул цолъи, вацлъи, ракIи дандеккей, рухIияб цебетIей цIуниялъе цере чIарал масъалаби тIуразариялъе нужеда бараб щинаб гьабизе букIиналда.

Гьарула нужее рекъел, щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергенлъаби, щибаб рокъоб талихIрохел.

**ХIажимурад МухIамадов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**

МАГIАРУЛАЗУЛ МУХЪАЛ

# ТIадеги 2,5 мегавольт-ампер

**Бакълъулазул районалда цIигьабун къачIараб «МелъелтIа» подстанция хIалтIизе биччана**

**2017 соналъул 6 декабралда бакълъулазул районалда тIобитIана цIигьабун къачIараб «МелъелтIа» подстанция хIалтIизе биччаялъул хIурматалда данделъи. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиев, «Дагъистаналъул сетевияб компания» АОялъул бетIерав инженер МухIамад Къурбанов ва цогидалги.**




### Чармил кварав хинлъи дагь кьола

Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас гьениб баркиялъулаб кIалъай гьабуна.

«Жакъа энергиялдаса пайда босиялъул роцен цIикIкIараб заманалда, кIудияб кIвар буго электроэнергиялдаса пайда босулезе гьабулеб хьулухъ лъикIлъизабиялъул, гьелъул къуват цIикIкIинабиялъул, токалдаса пайда босулез цIунакъан гьеб харж гьабиялъул. ЗахIмат буго энергетиказе, экономикаялъул захIматал шартIазул гьаб заманалда, токалдаса пайда босулезе гьабулеб хьулухъалъул даража борхизабизе. Гьедин букIаниги, нилъер энергетиказ гьеб рахъалъ хIалтIи лъикI гIуцIун буго. МелъелтIа подстанциялда жакъа тIадеги цIикIкIараб къуват биччалеб букIин ккола энергетиказул лъикIаб хIалтIул цо бутIа.

Районалда унеб буго ток бачарал чармил кварал тутиялъул квараз хиси. Республикаялъул сетевияб компаниялъ 3 соналъе хIисаб гьабураб нухлул карта бахъун буго, гьанжесел тIалабазе жаваб кьоледухъ районалъул электромагIишат рукIалиде бачине бихьизабураб. РакIчIола гьел ва цогидал масъалаби республикаялъул энергетиказ гIумруялде рахъинаризе рукIиналда. Нужеца районалъул гIадамазул рукъзабахъе канлъи ва хинлъи бачIуна, нужеда бараб буго лъималазул ахазе, школазе, больницабазе, учреждениязе, гIуцIабазе хьулухъ гьабиялъул даража борхизаби, район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезаби», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

### Риидалалдаса кьиндал ункъцIул цIикIкIун бухIула ток

«Дагъистаналъул сетевияб компания» АОялъул бетIерав инженер МухIамад Къурбановас кIалъаялда тIадчIей гьабуна электроэнергиялдаса цIунакъан пайда босизе ккеялда.

«Финансазул рахъалъ захIмалъаби ругеб заман бугониги, нижеца рес балагьана электромухъазда токалъул гьоркьоб къотIи букIинаредухъ «МелъелтIа» подстанциялда кIиабилебги трансформатор лъезе. Хасалил заманалда токалдаса пайда боси 3-4 нухалъ цIикIкIараб буго риидаялдаса. Гьелдасан баянлъулеб буго рукъзал хинлъизариялъе токалдаса пайда цIикIкIун босулеб букIин. 60-70 абилел соназ рачарал токил мухъал гьанже басралъун, токалдаса пайда босулел цIикIкIун, гьанжесел тIалабазе, хIажалъабазе ярагъунедухъ гьечIо. Доб заманалда электрочирахъал ракун гурони, телевизорцин кьанагIатав чиясул гурони букIинчIо. Гьанже гIемерлъун буго электрокъайи. Газ гьечIолъиялъ мугIрузул районазда рукъзал хинлъизариялъе токалдаса пайда босулеб буго. Нижеца росабазул гIадамазде хитIаб гьабулеб буго, рукъзал хинлъизе электроэнергиялдаса пайда босугеян.

Жакъа нилъеца хIалтIизе биччалеб буго «МелъелтIа» подстанциялда кIиабилеб трансформатор. РакIалде ккола электроэнергиялде бакълъулазул бугеб хIажалъи чанго соналъ тIубалин. Амма цIияб трансформаторалъ кинало масъалаби тIуразаризе гьечIо. ТIоцебесеб иргаялда хисизе ккола кварал. Районалда руго, энергетиказ гьанже пайда босуларел, чармил кваралцин. РакIалда буго, дун гьитIинаб мехалъ, эмен нижеда хадув вачIунаан ва канлъи свинабулаан. Электроэнергия цIуна-къан харж гьабуни, напряжение цIикIкIиналъе квербакъизе буго», – ян абуна МухIамад Къурбановас.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас районалъе ва республикаялъе гьарулел ругин гIемерал пайдаял ишал, «Сулахъэнерго» ОАОялъе ва цогидал чIахIиял предприятиязе нухмалъи гьабулаго, МугIрузул улкаялъул энергетика цебетIезабиялъулъ гьес кIудияб бутIа лъунин.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Маданиял центразе, школазе, росдал магIишат цебетIеялъе кумекалъул суалал
-2 гьум.



ГIолеб гIелалъе мисаллъун рукIина
-2 гьум.



Электроннияб 500 хьулухъ, республикаялъул даражаялда - 150
-3 гьум.



Узденал умумузул азарил сонил руссен
-4 гьум.

# 2017 - абилеб сон - гӀарцулал сурсатазул хутӀелал ва налъаби гьечӀого

**Районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас тӀобитӀана щибаб анкьилаб данделъи**

**4 декабралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас тӀобитӀана, кӀвар бугел суалалги гьоркьор лъун, районалъул гӀуцӀабазул нухмалъулелги республикаялъул ва федералиял идарабазул вакилзабиги гӀахьаллъун, щибаб анкьилаб данделъи.**

Гумбет районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель **Рамазан АхӀмаднабиевас** бицана Гъоркьа, Бакъулъ ва ТӀаса Гьарадирихъ росабалъе гьабураб хӀалтӀулаб сапаралъул хӀасилазул, рехсана гьел росабазул гӀадамаз рорхарал суалал. Гьединго бицана районалъул социалияб, спортивияб, туристлъиялъул, маданияб, информациялъул бутӀабазда бугеб хӀалалъул.

Районалъул бетӀерасул кумекчи **МухӀамад Хьарагишиевас** абуна щибаб росу кинабго рахьалъ цебетӀеялъе проектал хӀадур гьаризе ккелилан, пикру буссинабуна делопроизводство гӀуцӀи жиндир заманалда тӀубазабиялъул, захӀматалъул гӀадлу цӀуниялъул кӀваралде.

Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул участковиял уполномоченниязул нухмалъулев **УхӀумагӀали Загьидовас** бицана районалда араб анкьалда гӀадлу хвезабиялъул лъугьа бахъин ккечӀилан, отдел районалъул жамгӀиял, диниял ва цогидалги гӀуцӀабазул вакилзабигун цадахъ рекъон хӀалтӀулеб бугилан.



Дагъистан Республикаялъул Федералияб казначействоялъул управлениялъул Гумбет районалда бугеб № 19 отделалъул нухмалъулев **АхӀмад Мансуровас** рехсана жидерго идараялъ анкьалъ гьабураб хӀалтӀи, киналго учреждениязе, гӀуцӀабазе нухмалъулел ахӀана законалда бихьизабураб хӀалалда хӀалтӀиги гӀуцӀун, гьаб финансовияб лъагӀел гӀарцул сурсатазул хутӀелал ва налъаби гьечӀого нухда регӀизе.

МФЦялъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев **ГӀумар МухӀамадовас** бицана пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал гьариялъул мурадазул ва цӀиял къагӀидабазул хӀакъалъулъ.

Гумбет районалда гӀумрулде бахъинабулеб буго «Ракълилаб Дагъистан» абураб проект. Районалъул гӀолилазул централъул нухмалъулев **МухӀамад Зубайировас** абуна: «Гьеб проект тӀубазабиялде Гумбеталда кӀвар буссинабун буго. Бакъулъ Гьарадирихъ росулъе сапар бухьана ва гьоркьохъеб школалъул цӀалдохъабазулгун дандчӀвай гӀуцӀана. ХӀисабалде босун буго районалъул цогидал росабалъеги ине».

Данделъиялда борхана росаби газалдалъун хьезариялъул суалги. Ахиралда хӀасилазулаб кӀалъай гьабулаго, Гумбет районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас абуна учреждениял ва гӀуцӀаби лъикӀ хӀалтӀулел ругилан ва киналго ахӀана 2017 сон бергьенлъиялда нухда регӀиялъе гӀоло цадахъ рекъон хӀалтӀизе.

**«Гумбет» РИО**

# ТӀадеги 2,5 мегавольт-ампер

**(Байбихьи-тӀоцебесеб гьум.)**

**Кваралги хисани, газги бачӀани…**

«Жакъа нилъеца тӀобитӀулеб буго лъикӀаб тадбир. Биччанте гьадинал тадбирал нилъер гӀумруялъулъ гӀемер тӀоритӀизе. «Дагъистаналъул сетевияб компания» АОялъгун цадахъ нижеца хӀадурана нухлул карта ва лъабго соналда жаниб Гумбет районалъул электромухъал рукӀалиде рачине хӀисабалде босун буго. РакӀалде ккола 2019-2020 соназда районалъе газ щвелилан ги. Гьел хӀужаби хӀисабалде росани, жакъа хӀалтӀизе биччалеб бугеб цӀигьабун къачӀараб «МелъелтӀа» подстанциялъ бакълъулазе гӀемер соназ хьулухъ гьабизе буго. Баркала кьезе бокьун буго «Дагъистаналъул сетевияб компания» АОялъул нухмалъулев МуртазагӀали ГьитӀиновасуловасе, бетӀерав инженер МухӀамад Къурбановасе, районалъул киналго энергетиказе, захӀматал шартӀазда гӀадамал электроэнергиялдалъ ун хьезарулел ругел», – ян абуна НурмухӀамад ГӀалиевас.

Бакълъулазул районалъул гӀадамазул рахьалдасан баркалаялъулал рагӀаби абуна кӀалъазе вахъарав Дагъистаналъул ПФРалъул Бакълъул районалда бугеб отделениялъул нухмалъулев ТӀалхӀат Жамалудиновас. ЧӀоло къотӀиялда гӀахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухӀамад ГӀалиев, «Дагъистаналъул сетевияб компания» АОялъул бетӀерав инженер МухӀамад Къурбанов.

Районалъул бетӀерас ХӀурматалъул грамотаби кьуна хӀалтӀулъ бергьенлъаби рихьизарурал энергетиказе. Районалъул администрациялъул культураялъул, физический культураялъул, спорталъул, гӀолилазул ва туризмалъул отделалъул хӀаракатчагӀазул лъикӀаб церерахъинги букӀана.

**ГӀизудинил ХӀамзат,**
**Къурмагъиз ХӀадисова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Гьарадирихъ школа – басрияб автобус ва тӀох

**Бакълъул районалъул бетӀерасул заместитель Рамазан АхӀмаднабиев Гьарадирихъе щвана**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовасул тӀадкъаялда рекъон, гьесул заместитель Рамазан АхӀмаднабиев хӀалтӀулаб сапаралъ ана рорхатал мугӀрузда бугеб «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялда гъорлъе ккелел росабалъе.**

Районалъул бетӀерасул заместитель дандчӀвана Гъоркьа Гьарадирихъ, Бакъулъ Гьарадирихъ ва ТӀаса Гьарадирихъ росабазул гӀадамалгун, гьел тӀаде къабул гьаруна, гӀузрабазухъ ва масъалабазухъ гӀенеккана, халгьабуна гьеб муниципалитеталда гъорлъе кколел гӀуцӀабазул хӀалтӀул.



Социалиял ва цогидалги бакӀазде унаго, гьесда цадахъ рукӀана «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул бетӀер Камил Шапиев, Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул директор ХӀассан ГӀалихӀажиев ва цогидалги жавабиял гӀадамал.

Рамазан АхӀмаднабиев дандчӀвана Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъул мугӀалимзабазда ва цӀалдохъабазда. Гьеб лъайкьеялъул учреждениялъул нухмалъулез районалъул администрациялъе баркала загьир гьабуна жидер гьабураб тӀалабалъухъ ва рахъкквеялъухъ. Школалъул гьитӀинаб автобус басралъун, минаялъул тӀох хисизе кколеб хӀалалда букӀиналъул ва цогидалги суалал цере лъуна. Районалъул бетӀерасул заместителас поселениялъул вакилзабазда абуна районалъул нухмалъулез гӀадамазул яшав лъикӀлъиялъе бажарараб хӀалтӀи гьабизе бугин ва цониги суал кӀвар буссинабичӀого тезе гьечӀин.

Рамазан АхӀмаднабиев щвана жидерго сурсатаздалъун спортивиял ругънлъабазе, гӀолеб гӀелалъе физический лъадари щвеялъе вацал ГӀабдулхӀалимоваз бараб минаялде, предприниматель ХӀассан Халипаевасул «Ицла» мебель гьабулеб фабрикаялде. Гьенир гьаруна столал, бакӀал, нуцӀби ва цогидаби къайи.

АхӀмаднабиевас абуна гьарадирихъез рорхарал киналго суалал Бакълъулазул районалъул бетӀерасухъе щвезаризе ругилан.

**ГӀабдулхӀамид**
**ГӀабдулкъадиров**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Маданиял централазе, школазе, росдал магӀишат цебетӀеялъе кумекалъул суалал

**Гумбет районалъул бетӀерас гӀадамал къабул гьаруна**

**ТӀоцебесеб декабралда, гражданал къабул гьариялъул цогояб къоялъ, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас гӀадамал къабул гьаруна.**

Районалъул нухмалъулезде гӀадамаз рорхана социалиял, лъайкьеялъул, маданиял, аграриял ва цогидалги суалал.

ГӀадамал къабул гьариялда гӀахьаллъана Гумбет районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель, «Цогояб Россия» партиялъул бакӀалъулаб исполкомалъул нухмалъулев **АхӀмад Сулайманов,** районалъул бетӀерасул кумекчи **МухӀамад Хьарагишиев,** аппаратлъул ишазул управляющий **ИсмагӀил Салатгереев** ва цогидалги. Ингишо росдал маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъул нухмалъулев **Гьойтемир Гьойтемировас** гьарана централъул материалиябгун техникияб база щула гьабиялъе кумек. Рекъарухъабазулгун фермерлъиялъул «ГӀияхъан» магӀишаталъул нухмалъулей **ГӀазра РурухӀмаевалъ** борхана районалда росдал магӀишат цебетӀезабиялъул, КФХязул, ЛПХязул, СПКязул ва цогидалги росдал магӀишаталъул предприятиязул хӀукуматалъ рахъкквей букӀинабиялъул хӀакъалъулъ суал.



Ральдал гьумералдаса 2000 метралъул борхалъуда, ХӀаригабурлъиялда аскӀоб бугеб, хасало гӀансал гӀемер тӀаде тӀолеб Данухъ росулъ гӀадамаз захӀматал шартӀазда гӀумру гьабулеб букӀиналъул суал борхана **МухӀамад Сайпилаевас.**

Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **МухӀамад ГӀалиевас** бицана школалда бугеб хӀал, гьарана гьелъул тӀох цӀи гьабизе кумек гьабеян.

Гумбет районалъул бетӀер кӀвар къун гӀенеккана тӀаде рачӀаразухъ, лъазабуна гьенир рорхарал суалал тӀуразаризе кумек гьабеян. «ЗахӀматал шартӀазда яшав гьабулеб буго магӀарухъ гӀадамаз. Къвараараб тӀабигӀаталъул ва гьава-бакъалъул шартӀазухъ балагьичӀого, Дагъистаналъул мугӀрузул районазул гӀадамаз кӀудияб бутӀа лъолеб буго республика цебетӀезабиялъулъ. Бакълъулалги кидаго хӀалтӀи бокьулел рукӀана ва руго. Ахихъанлъи, гӀибоцӀухъанлъи, хурухъанлъи цебетӀезабиялъул махщелчагӀи гӀемер руго нилъер. Районалъул нухмалъулез кумек гьабизе буго росабалъ хӀалтӀулел гӀадамазе, предприятиязе ва организациязе», - ян абуна ХӀажимурад МухӀамадовас. Районалъул администрациялъул хӀалтӀухъабаз районалъул бетӀерасе борхана Бузнасан нух бахъулеб бакӀалъе цо къоялъул харж кьуни лъикӀ букӀинин абураб предложение. ХӀажимурад МухӀамадовас рахъккуна гьеб хӀаракатчилъиялъул.

**«Гумбет» РИО**

## Гумбет районалъул Собраниялъул иргадулаб сессия

Гумбет районалъул Собраниялъул иргадулаб сессия тӀобитӀана 7-абилеб декабралда. Гьенир гьоркьор лъуна районалъул бюджеталъул ва спортивияб школазул хӀалтӀул хӀакъалъулъ суалал.

**(Сессиялъул хӀакъалъулъ хадусеб номералда цӀале.)**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Ясли-ахазул тарбиячагIазул семинар

**ЦIиликь росулъ бугеб «Лачен» ясли-ахалда тIобитIана Гумбет районалъул школалъул гIумруялде рахинчIезе лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезул ва педагогиял хIалтIухъабазул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна школалъул гIумруялде рахинчIезе цIиял стандартазда рекъон лъайгун тарбия кьеялъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул информациялъулгун методикияб централъул, ясли-ахазул нухмалъулел, тарбиячагIи ва цогидалги. Гьеб тIобитIана школалъул гIумруялде рахинчIезе лъайкьеялъул мугIалимазул методикияб цолъиялъ.

Данделъи байбихьана «Лачен» ясли-ахалъул тарбиячIужу **Напилат ХъарахIмаевалъул** нухмалъиялда, гьитIичазул церерахъиналдалъун. Хадуб цIиял стандартазда рекъон ясли-ахалда ругел лъималазе тарбия кьеялъул масъалабазул хIакъалъулъ доклад гьабуна «Лачен» ясли-ахалъул нухмалъулей **Эльмира Зайнудиновалъ.**



КIалъазе яхъарай МелъелтIа бугеб «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей **Салимат ХIамидовалъ** бицана школалъул гIумруялде рахинчIезе лъайгун тарбия кьолел районалъул мугIалимазул ассоциациялъ гьабулеб бугеб хIалтIул, гьаб цIалул соналъ церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

Хадув кIалъарав районалъул информациялъулгун методикияб централъул нухмалъулев Загьид ХIусеновас тIадчIей гьабуна ФГОС школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазул учреждениязда хIалтIизабиялда бан, мугIалимал, тарбиячагIи махщел камил гьабун ва жавабчилъи бичIчIун хIалтIизе, тарбия-лъай кьеялда лъикIал хIасилал росиялъе гIоло къеркьезе ккеялда.

**«Гумбет» РИО**

# Инвалидазул къоялда хурхун

**Инвалидазул халкъазда гьоркьосеб къоялда хурхун, районалъул гIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул ригь арал гIадамазе ва инвалидазе къад хъулухъ гьабиялъул отделалъул хIалтIухъаби Раисат ГIумарова, Маржан Эсенбулатова, Наида Манапова, гьединго МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадова, мугIалим Сиядат ГIалиева щвана цо-цо инвалидазухъе.**

Гьез гьезие гьарана сахлъи, рохел ва ТIадегIанасде хьулги лъун, рекIел къваридал къасдалги рикIкIад гьарун тавакалалда гIумру гьаби. Гьезие гьез кьуна сайгъаталги.

Инвалидаз гьезие жидер гьабураб тIалаб-агъазалъухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

**ГIайшат Исламбиева**

СОЦИАЛИЯБ ПОЛИТИКА

# Электроннияб 500 хъулухъ, республикаялъул даражаялда - 150

### МФЦялъул филиалалъул хIалтIухъаби ЛъаратIа школалда ва культураялъул отделалда

**ГIадамазе электроннияб лъай кьеялъул даража борхизабиялъул мурадалда, пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъал электроннияб къагIидаялда щвезелъун «Нухлул карта» тадбир планалда рекъон тIобитIана «Дир документал» централъул хIалтIухъаби юрист Асият ГIабдурахIмановалъ, универсалияй специалист ГIайшат ХIажимурадовалъ ва делопроизводство бачуней Мариniят Биларбиевалъ.**

МФЦялъул филиалалъул хIалтIухъаби щвана ЛъаратIа школалде. ДандчIвана мугIалимзабигун, цIалдохъабигун. Бицана электроннияб къагIидаялъ госпорталалдасан хъулухъал тIураялъул пайдаялъул, гьениб хъвай-хъвагIай гьабиялъул бугеб санагIалъиялъул.

РакIалде щвезабизин, интернеталдасан пайда босун, жакъа электроннияб къагIидаялъ гьабула 500 хъулухъ. Лъазе бокьараб суалгун рачIине бегьула централде яги ахIизе бегьула телефоналдасан CaII-Centra: 89387778292.

ЛъаратIа школалъул чIахIиял классазул лъималаз загьир гьабуна хIалтIи гьабулеб къагIидаялъулгун лъай-хъвай гьабизе централде рачIине бокьи.

Хадусел къояз МФЦялъул хIалтIухъаби ана Гумбет районалъул культураялъул, физическияб культураялъул спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалде, дандчIвана гьеб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIумардибировгун ва хIалтIухъабигун. Бицана республикаялъул даражаялъул 150 хъулухъ электроннияб къагIидаялда тIубазе рес букIиналъул. Хасго тIадчIей гьабун бицана туризмалда хурхарал цIиял хъулухъазул.

КъотIи-къаял гьаруна цадахъ рекъон хIалтIизе.

**«Гумбет» РИО**

МАГIАРУЛ РОСАБИ

# Узденал умумузул азарил сонил руссен

### Гьарадирихъ росдал тарих ва жакъасеб къо

**«Миллаталъул» цебесеб номералда бицен гьабун букIана Игьалибе ва гьарадирил росабалъе бухьараб сапаралъул. Игьали росдал тарихалъул ва гьанжесеб хIалалъул къокъабго баян кьуна араб номералда. Гьаб нухалда нилъ руссунел руго гьарадирил росабазул араб ва жакъасеб тарихалъул къисматалде.**

**Сси бугел наслабазул меседил кверзул расен**

Гьанжесел Бакълъулазул, Хунзахъ ва Унсоколо мухъазул гIорхъоде ккола гьарадирил лъабабго росу. Инкъилаб ккаралдаса 1967 соналде щвезегIан гьарадирил росаби Хунзахъ районалда гъорлъ рукIана. 1967 соналдаса гьарал руго Бакълъул (Гумбет) районалда гъорлъ.

Ралъдал гьумералдаса 1700 - 1900 метралъ тIадегIан руго гьарадирил росаби, ТIохмугIрул расабалъазда, цIудул бусаби гIадин, рихьула гьел, Хунзахъ районалдасан ралагьани.

Аза-азар соназ цебего инсанас гIумру гьабулеб букIана гьарадирил ракьазда. 3-5-азарго соналъ цебе, мазгарул гIасрабазда, бараб хъалаялъул хутIелал ратана археологазда ТIохмугIрул рагIаллъуда. Гьединго Бакьулъ ва ТIаса Гьарадирихъ росабазда гьоркьоб, ЛъагIалила абураб гIатIилъуда руго тарихиял тIахьазде росарал, насраниязул ва бусурбан динал тIиритIилелде рукIарал хобал.

**(Ахир-ункъабилеб гьум.)**

БЕРАЛ КЪАНЩУНИЛАН, КЪАДРУ ХОЛАРО

# ГIолеб гIелалъе мисаллъун рукIина

### Хъулухъалъулал ишал тIуралаго гIумруялдаса ратIалъарал полициялъулазул хъизабазул тIалаб-агъазалда

**Гумбет районалъул нухмалъулез тIалаб-агъаз гьабулеб буго, хъулухъалъулал ишал тIуразарулаго Аллагьасул къадаралде щварал, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалда хIалтIулел рукIарал полициялъулазул хъизабазул.**



Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **Рамазан АхIмаднабиев** ва гьесда цадахъ Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул кумекчи, жанисеб хъулухъалъул подполковник **Камалудин МухIамадсагIидов,** балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор **МухIамад ХIусенов,** жанисел ишазул отделалъул психолог **Мадина Астимирова** щвана хъулухъалъулал ишал тIуразарулаго Аллагьасул къадаралде щварал полициялъулазул хъизабахъе.

«Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул хIалтIухъаби ополченцалгун цадахъ гIахьаллъана халкъазда гьоркьосел террористал Дагъистаналде кIанцIараб 1999 соналъул лъугьа-бахъиназда. ГIагараб ракь цIуниялъулъ бакълъулазги мустахIикъаб бутIа лъуна. Районалда цокIалаб хIалтIи гьабулеб буго терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялда данде къеркьеялъулъ. Къуваталъул идарабигун, диниял церехъабигун, жамгIиял гIуцIабигун цадахъ районалъул администрациялъ тIоритIулел руго батIи-батIиял тадбирал экстремизмалда данде. ГIодобе биччараб ахIвал-хIал бугел муниципалитетазда гьоркьоб буго Гумбет район», - ян абуна Рамазан АхIмаднабиевас.

«Щивав хIалтIухъанасул борч ккола хъулухъалъулал ишал тIуразарулаго гIумруялдаса ратIалъарал полициялъулазул хъизабазул тIалаб-агъаз гьаби, гьел жалго жидедего рехун тунгутIи. Нижеца хIаракат бахъула гьел полициялъулазул улбузул, лъудбузул ва лъималазул тIалаб гьабизе. Нижер щивасул налъилъун ккола хъулухъалъулаб иш тIубазабулаго, нилъер хIинкъи гьечIолъи цIунулаго хваразул гIагарлъи кIочонгутIи, гьезухъе щвей»,- ян абуна Камалудин МухIамадсагIидовас.

Хадуб гьес россал хварал лъудбузеги васал камурал улбузеги баркала кьуна. Абуна цадахъ хIалтIулел рукIарал гьел кидаго рекIелъа ине гьечIилан, гIолеб гIелалъе гьел мисаллъун хутIизе ругилан.

Гумбет районалъул администрациялъул ва парахалъи цIунулезул рахъалдасан баркалаялъул рагIабиги абулаго, гIарцулал сайгъатал, кванил нигIматал кьуна хъулухъалъулал ишал тIуразарулаго гIумруялдаса россал ратIалъаразе. Гьезги хваразул улбузги баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъулезеги полициялъулазеги, жидер гьабураб тIалаб-агъазалъухъ.

**«Гумбет» РИО**

БАРКАЛА КЬОЛЕБ БУГО

# ТIаде рачIаразул хъулухъ тIубазе хIадурал

**ХIурматияб редакция! Дие бокьун буго «Гумбет» газеталда лъикIал гIадамазул хIакъалъулъ хъвазе.**

МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалде диргоги росуцоязулги къваригIелалъ дун гIемер щола. Дида бицунебги рагIун букIана, дидагоги рихьана, МФЦялъул филиалалда хIалтIулел васал-ясазул лъикIаб гIамал-хасияталъул хIакъалъулъ. РикIкIадаса рачIарал гьалбал къваригIелги тIубан нухда регIизе хIаракат бахъулел, тIаде щваразда хIеренго кIалъалел, лъалареб жо малъулел хIалтIухъаби руго гьел.

Дие бокьун буго нилъерго Гумбет районалъул газета гьоркьоб ккун баркала кьезе дирго ва росуцоязул рахъалдасан гьеб идараялъе нухмалъулев ГIумар МухIамадовасе, юрист Асият ГIабдурахIмановалъе, универсалияй махщалилал ГIашат ХIажимурадовалъе, Шарудин Къурбановасе, Гульнара Асадулаевалъе, Сапият Мирзахановалъе ва цогидазеги.

Хадубккунги нижгIадал хараби къабул гьари лъикI гIуцIизе, гьезие Аллагьас сахлъиги халатаб гIумруги кьеги, гIемерлъаги иманги щулиял, яхI-намусги бацIцIадал, ракI гIатIидал хIалтIухъаби. Рохун хутIаги лъимал-хъизабаздаса, дунгIан Аллагьги разилъаги.

**МухIамад СултанмухIамадов,**
**Данухъ росу**

Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна,
Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула.
Инхоса Пали-хIажи

№ 57 11 декабрь 2017 с.

# Узденал умумузул азарил сонил руссен

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)**

Жакъа «Сельсовет "Арадирихский"» абураб муниципалияб гIуцIиялда гъорлъе уна Гъоркьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихъ ва ТIаса Гьарадирихъ росаби, гьединго ижараялъе хъутабазда хIалтIизарулел руґел ракьал. Гьарадирил хъутаби руго Гъизилюрт (Кучкар) ва Хасавюрт (Шпренгель) мухъазда. «Коминтерн» абун цIар букIараб колхоз гьанже сверизабун буго «Гьудуллъи» СПКялде. Гьарадирил къадар азаридасаги цIикIкIун буго жакъа.

ЧIикIаб росдал тарихалъул тIехьалда баянал руго Гьарадирихъа Жанмирзаги вукIанин гьеб росдае кьучI лъуразда гъоркьов. ЧIикIасез росдаца азарго сон тIубай кIодо гьабуна. Гьарадирил тарих жеги некIсияб букIин бихьулеб буго. Гьоркьохъел къарнабазда Хунзахъ цо хIукму къотIараб кагъаталда гъоркь гъулбасарал къадизабазда гъорлъ буго гIалимчи Гьарадирихъа Закарикал цIарги (1699 сон). Гьедин хъвалеб буго Тимур Айтберовас «Хунзахъ ва хунз» абураб тIехьалда.

## Шамил имамасул наиб НургIали ва муридзаби

КIудияб Кавказалъул рагъда ва Имамат гIуцIиялъулъги жигараб гIахьаллъи гьабуна гьарадирица. Шамил имамасул кумекчи, гIалим ва тарихчи Къарахъа МухIамадтIагьирица хъвараб «Шамил имамасул цо-цо рагъазулъ дагъистаниязул хвалчабазул паркъи» абураб мажмугIалда АхIулгохIда шагьидлъаразда гьоркьор рехсон вуго Гьарадирихъа Уцав. Гьединго АхIулгохIил гъазизабазда гъорлъ тарихчияс бицен гьабун буго Гьарадирихъа рагъухъабазулги: «Шоботир Шамил имамасда цадахъ вукIана микьго мурид. Гьезда гъорлъ рукIана: имамасул божарав чи ЧIикIаса Юнус, гьесул кумекчи СалихI, лъукъарав Худанатил МухIамад, ГьоцIалъа Билал, ГьоцIалъа Гьимат, лъукъарав Гьарадирихъа НургIали, Гьарадирихъа МуртазагIали ва лъукъарав Балахьуниса Муса».

Хадубги Къарахъа МухIамадтIагьирица хъвалеб буго: «Шамил имамасул вагIзанасихIаталъухъ гIенеккизе рачIине лъугьана Шоботи росдал гIадамал. Гьениве вачIана Гьарадирихъа МухIуги. Цо росдае имамлъи гьабизе тIадкъана Шамил имамас гьесда».

МагIарулазул хъвадарухъан МухIамад ХIамзаевас хъвараб «Имам Шамил» абураб тIехьалда «Шамил имамасул машгьурал наибзаби» абураб бутIаялда рехсон буго Гьарадирихъа НургIалил цIарги:

«Гьарадирихъа НургIали. Гьев вукIана Шамилида цадахъ АхIулгохIдаса Чачаналъе аразда гъорлъ. БахIарчияв, ритIухъав ва гIадамазда гьоркьоб къимат бугев чи вукIана НургIали. Имамас гьев ТIадбуртиялъ, цинги Шоботив наиблъун тIамуна. Шамилие мутIигIав ва гьесие хирияв чи вукIана НургIали».

Гьенир авторас эпиграфалъе росун руго Игьалиса Чупаласул мухъал:

Нилъер нус-нус чиясул
чухъа жидер багьаял
Чанги багьадур чIвана,
Дагъистан цIунулаго…
ЦIа гIадал шагьидазул
шапагIат камугеги

Гьарадирил гIолохъабаз хадуб гIахьаллъи гьабуна япониязулгун ккараб рагъдаги, инкъилабалдаги, КIудияб ВатIанияб рагъдаги. Граждан рагъул заманалда гIемерисел гьарал большевиказда данде рагъулезда гъорлъ рукIана. Гьаб макъалаялъул авторлъун кколев дир кIудаэбелалъул эмен Инусил СагIадулагь вукъун вуго Гъоркьа Инхо росдал хабалалъ, гьев шагьидлъана (иншааллагь) исламияб диналъе гIоло. Гьединго ТIануси ккараб рагъда шагьидлъана (иншааллагь) дир эбелалъул инсул эмен, Гъоркьа Гьарадирихъа Тарихилазул МухIамад. Гьев вукъун вуго тIанусдерил кьурабалъ.

«Бидулал» абураб асаралда гьадин хъван букIана дица:

Дир кIодол дада чIвана
Бидул кьерал хъачагъаз.
Дир кIодол даци чIвана
Долго бидулал квераз.
Дир кIодо доб мехалда
КIодо гуро йикIарай –
КIалъазе ругьунлъулеб,
Ункъо сон бараб рижи…
Жакъа къисматалъ кьураб
Ункъоялда анцIилъги
Щакърахххуна дир кIодо:
«Дада, дада», - ян абун.
Бицуна жий йикIанин
Дадай бищун хирияй.
«Мун лъил яс?» - ин цIехедал,
«Дадал», - букIанин жаваб.
Бицуна, бидул кьераз
Бица ххуларав дацил
Михъал хутIун рукIинчIин,
Ццидалъ гIемер рукъиялъ.
Къисматалъ еэдичIо
Эмен чIварай бесдалай,
СССРалъ хьихьичIо
ИмгIал чIварай ятимай.
Дир кIудадал дадаги
Долго бидулаз чIвана,
Доз, расги гурхIичIого,
Бесдал гьабуна лъимер.
Гьедин хвана умумул,
Исламгун ватIан цIунун,
ЦIа гIадал шагьидазул
ШапагIат камугеги.

Граждан рагъдаса хадуб гьарадирил росабалъги байбихьана коллективизация абураб жо. ГIадамазухъа жидер хIалалаб магIишат бахъана ва колхоз гIуцIана. «Кулакал» абун, щибго гIайиб гьечIел гIадамазе гIакъуба кьуна.

## ХIамзатил Расул Гьарадирихъ гьавуна

1922-1923 соназда Гьарадирихъ дибирлъи гьабуна ЦIадаса ХIамзатица. Гьенив гьавуна Расул ХIамзатовги. 2008 соналда къватIибе биччараб ЦIадаса ХIамзатил асаразул анлъабилеб томалда гIатIидго хъван буго магIарулазул машгьураб гьеб хъизаналъул Бакьулъ Гьарадирихъ букIараб гIумруяшавалъулъ хIакъалъулъ. ХIамзатил Расулицаги, ХIажиясги, гьезул хъизаналъул цогидазги тасдикъ гьабулаан Расул Бакьулъ Гьарадирихъ гьавиялъул хIужа. Гьеб тема цоги макъалабаздаги хъван букIиндал, жакъа халат гьабулеб гьечIо.



КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъана 71 гьарадирихъев, гьезул 42 тIадвуссинчIо.

## Депортация ва росаби цIигьари

1944 соналда Гъоркьа ва ТIаса Гьарадирихъ росабазул гIадамал Чачанлъиялде гочинаруна. Гьеб депортациялъул хIасилалда, батIи-батIиял унтабаз кIвекIун, къадаралде щвана гIемерал гьарал. Гьезда гъорлъ йиго гьаб макъалаялъул авторасул кIудияв инсул эбел Таибатги. Гьарал гочинаруна Саясан мухъалде, Бас-Гордали росулъе. Хадуб гьеб районалде ДАССРалъул Рилъаб мухъилан цIар хисана ва Бас-Гордали росдаде Гьарадирихъ абун цIар тана. Амма 1957 соналда нахъеги рукIел биххизабуна гьарадирил. Гьезул гIемерисел умумузул росабалъе гочана, чанги хъизанал гIатIиракьалда, шагьараздаги чIана.

Гьарадирихъ байбихьул школа рагьана 1927 соналда, 1979 соналда гьеб сверизабуна гьоркьохъеб школалде. ГIемерал соназ школалъе директорлъи гьабуна ХIасан Ибрагьимовас (1968-1979 сс.) ва ПатIимат МухIамаднабиевалъ (1991-2013 сс.). ГьабсагIат школалъул директор ккола ХIассан ГIалихIажиев.

Гьарадирихъа рахъана машгьурал гIалимзабиги: лъелго хIеж борхарав КIудияв Инус-хIажи, КъурамухIамадил ГIизудин, ГIусманил Хъазами, ХIажимухIамадил Салман-хIажи ва цогидалги. Бакьулъ Гьарадирихъ бугеб, советияб заманалдаги цIунун хутIараб бекIкIараб ганчIил мажгит бана ГIумарил НурмухIамадица (Ханикалас) (1882-1960). Дагъистаналъул цоги росабалъги ран руго гьев устарас мажгитал.

Машгьурал гьарадирида гъорлъ рехсезе бегьула: кочIохъаби Шигьабудин ХIасанов (1893-1974), МухIумагIали НургIалиев, Пайзуллагь ГъазимухIамадов (1915-1993), гамихъан ГIумардада ХIажидадаев (1932-1969), летчик МухIамад Хъазанбиев (1931), шагIирзаби ГIабдулпатахI Ибрагьимов (1924-1998), Юсуп МухIамадов (1934) ва гь.ц.

Жакъа гьарадерил руго цоги магIарул росабазего хасиятал гIузраби: росабалъа къватIире гIумру гьабизе рахъунел гIадамал цIикIкIунел руго, хурзал чIунтулел ва минаби чIвадназде сверулел руго. Амма умумузул ракьалде рокьи бугел гIадамалги камулел гьечIо: гьез чIунтарал ригьзал цIигьарулел руго, росдае шагьаралъул низамалда щибаб минаялъубе лъим букIинабизе, хIамам бана ва цоги хIалтIаби гьарулел руго. Аллагьас гьабураб, гьабулеб бугеб ва гьабизе ракIалде ккараб лъикIаб ишалда баракат лъеги. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Выявлены нарушения законодательства о противодействии терроризму и экстремизму

**Прокуратурой района выявлены нарушения законодательства о противодействии терроризму и экстремизму в деятельности сельских муниципальных образований района.**

Проведенными прокуратурой надзорными проверками установлено, что в нарушение действующих норм закона на территории отдельных сельских поселений до настоящего времени целевые программы профилактики экстремизма и терроризма не утверждены, с учетом требований ст.179 Бюджетного кодекса РФ, подразумевающей финансирование программы из бюджета по периодам действия программы.

В рамках иных программ на мероприятия в сфере профилактики экстремизма и терроризма денежные средства также не выделялись.

В администрациях сельских поселений отсутствуют нормативно- правовые акты, касающиеся состояния антитеррористической защищенности, в том числе объектов транспортной инфраструктуры, объектов энергоснабжения. Планы профилактических мероприятий, направленных на противодействие экстремистской, террористической деятельности на территории сельского поселения на 2017 год не составлены.

Между тем в соответствии с законодательством о противодействии экстремизму и терроризму, а также об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации к вопросам местного значения сельских поселений отнесено участие в профилактике терроризма и экстремизма, а также в минимизации и (или) ликвидации последствий проявлений терроризма и экстремизма в границах поселения.

Вышеуказанные нарушения закона свидетельствуют о том, что администрациями сельских муниципальных образований района полномочия по проведению мероприятий по профилактике экстремизма и терроризма в границах муниципального образования исполняются ненадлежащим образом. По результатам проверки прокурором района в адрес 7 глав муниципальных образований внесены представления, которые находятся на стадии рассмотрения.

**Магомед Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.